

NAN TRIBINAL ONZIYÈM SIRCUIT JIDISYE LA

NAN AK POU KONTE MIAMI-DADE, FLORID

ETA FLORID,

vs.

KA NO: _____

DIVIZION: _____

JIJ: _____

_____/

AKIZE

REKONESAN AK RENONSYASYON DWA YO

1. Mwen menm, Akize ki siyen anba an, m ap fè yon pledwari _____ koupab oswa _____ pa konteste akizasyon (yo) kont mwen an (yo), epi mwen rekonèt sa ki annapre yo:
Mwen plede kont akizasyon
(yo): _____

Penalite maksimòm lan se _____
ak penalite minimòm lan, si genyen _____.
2. Mwen konprann ke mwen gen dwa pou mwen gen yon avoka reprezante mwen nan chak etap nan pwosedi a epi, si sa nesèsè, yo pral nonmen yon avoka pou reprezante mwen. Mwen gen dwa pou yon jijman jiri ak èd yon avoka nan jijman sa a. Mwen gen dwa pou fòse temwen prezante nan non mwen, dwa pou konfwonte ak kont-egzamine temwen kont mwen yo, ak dwa pou pa temwaye oswa enkrimine tèt mwen. Lè mwen plede koupab oswa pa konteste, mwen konprann mwen renonse dwa mwen genyen pou yon jijman
3. Mwen konprann ke lè mwen plede koupab oswa pa konteste, sof si mwen ekspreseman rezève dwa pou fè apèl kont yon desizyon anvan Tribinal la, mwen abandone dwa pou fè apèl kont tout zafè ki gen rapò ak jijman Tribinal la, enkli mwen koupab oswa inosan. M ap renonse tou a dwa pou m depoze mosyon yo, fè entèvyou ak temwen yo, ak dwa pou m prezante nenpòt defans mwen ka genyen kont akizasyon yo.
4. Mwen konprann jij la ka poze m kesyon sou akizasyon yo, epi si mwen reponn kesyon sa yo sou sèman, soumdosye a, ak nan prezans avoka mwen an, yo ka itilize repons sa yo nan nenpòt pouswit apre pou fo temwayaj. Sòf si yo endike otreman, m ap renonse dwa mwen genyen pou yon investigasyon anvan santans ak rekòmandasyon.
5. Mwen dakò ke gen yon baz reyalite pou akizasyon mwen plede yo, e mwen kwè ke pledwari mwen an nan pi bon enterè mwen.
6. Mwen konprann ke si Tribinal la aksepte pledwari mwen pou akizasyon (yo) ki nan lis nan Paragraf 1 an, santans mwen an
pral: _____

_____.

7. Sòf si yo bay lòd otreman, mwen konprann mwen responsab pou peman tout depans ki aplikab yo jan Chapit 938, Lwa Laflorid yo, sa enkli depans pou pouswit jidisyè yo ak depans pou envestigasyon dokimante yo dapre F.S. 938.27. Si tribinal la te nonmen yon avoka pou reprezante mwen, mwen konprann mwen pral responsab pou peman frè avoka, frè ak frè aplikasyon, dapre F.S. 938.29, pou ki yoka enpoze yon retansyon. Si yon ofans ke m ap plede se youn pou ki sispansyon oswa revokasyon lisans kondwi obligatwa otomatikman lalwa mande swa pa tribinal la oswa pa yon ajans separe, pledwari a pral bay baz pou sispansyon oswa anilasyon sa a.
8. Anplis de santans ki pwopoze a ki tabli nan Paragraf 6 la, pèsonn pa t fè m okenn pwomès oswa garanti, ni okenn fason pa te fòse oswa menase m pou m prezante pledwari sa a. Mwen fè sa libreman e volontèman. Aktyèlman mwen pa anba enfluyans okenn sibstans ki kapab afekte kapasite mwen pou m konprann pwosedi sa yo. Mwen pa gen okenn maladi mantal ki pa trete ki ta anpeche m konprann pledwari sa a ak konsekans li yo.
9. Mwen konprann ke si santans mwen an gen ladann anprizònman, Depatman Koreksyon an, oswa etablisman prizon an, se sèl responsab pou bay tan pou benefis oswa nenpòt kalite liberasyon bonè. Nenpòt enfòmasyon mwen te resevwa konsènan tan pou jwenn oswa liberasyon bonè se yon senp estimasyon epi li **pa** fè pati akò pledwari mwen an.
10. Mwen reprezante pa avoka ki siyen anba an. Mwen te diskite sou ka mwen an ak li, epi li te reponn nenpòt kesyon mwen te genyen sou ka mwen an ak nan satisfaksyon mwen. Mwen santi avoka mwen an reprezante m nan pi bon kapasite li, e mwen satisfè ak reprezantasyon sa a.
11. Mwen konprann ke si mwen pa yon sitwayen ameriken, pledwari a pral soumèt mwen a pwosedi depòtasyon ak/oswa pwosedi detansyon dapre lwa ak règleman ki gouvènè Biwo Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon, Depatman Sekirite Enteryè Etazini. .
12. Mwen konprann ke jijman nan ka sa a, kit yo sispann li oswa yo pa sispann li, yo ka itilize li pou ogmante nenpòt santans mwen ka resevwa konsènan krim, annatant oswa nan lavni, pou yo ka pouswiv mwen.
13. Mwen konprann ke plede koupab mwen nan ka sa a, oswa lefèt ke Tribinal la jwenn mwen koupab, yo ka itilize pou ogmante nenpòt santans mwen ka resevwa konsènan krim, aktyèl oswa pwochen, yo ka pouswiv mwen pou yo.
14. Mwen pa okouran okenn prèv fizik ki gen ADN ki kapab egzonere m nan nenpòt nan akizasyon m ap plede yo.
15. Mwen konprann ke si nenpòt ofans ke m ap plede se yon ofans seksyèlman vyolan oswa ki motive seksyèlman, oswa, si mwen te deja kondane pou yon ofans sa a, sa plede soumèt mwen an angajman sivil envolontè kòm yon predatè seksyèlman vyolan. Apre mwen fini santans mwen an.

Dat: _____

Siyati Akize a: _____

REKONESANS AVOKA

Mwen menm, manm Bawo Florid ki siyen an, mwen reprezante devan Tribinal la ke mwen reprezante Akize ki endike anwo a; ke mwen te revize ak eksplike REKONESAN AK RENONSYASYON DWA YO pou Akize a; epi dapre sa mwen konnen ak kwayans mwen, Akize a byen konprann kontni li yo.

Dat: _____

Siyati Avoka a _____

Non Avoka a Enprime _____ # Bawo _____